

Vil New York gen anpil risk pou gen inondasyon pandan tanpèt kotyè paske gen anpil aktivite sou bò lanmè a ak gran jewografik kotyè li a. Inondasyon yo te gen potansyèl pou kraze kay ak biznis, paralize enfrastrikti, ak menase sekirite moun. Avèk chanjman klimatik ak nivo lanmè k ap monte, risk sa yo ta sipzoe ogmante pi devan, men li pral gen yon move enpak sou katye ki nan plèn yo plis.

## Risk Pou Gen Inondasyon

**Siklòn, tanpèt twopikal, gwo van k ap soti nan zòn nòdès la, gwo tanpèt lapli, ak mare ki fò anpil se rezon prensipal inondasyon nan Vil New York.**

**Pou kòd konstriksyon, pou dekoupe teritwa, ak pou fè planifikasyon, yo reprezante risk pou gen inondasyon nan Vil New York sou Kat Tarifikasyon Asirans Pou Inondasyon Preliminè (Preliminary Flood Insurance Rate Maps, PFIRM) FEMA ane 2015 la.**

- PFIRM yo montre nan ki degre dlo inondasyon yo ta sipoze monte pandan yon inondasyon ki yon risk anyèl 1% pou rive. Yo make wotè sa a kòm Altitud Inondasyon Debaz la (Base Flood Elevation, BFE) sou kat yo.
- Pafwa yo rele plèn inondab gen risk anyèl 1% an plèn inondab 100 ane an. Men, non sa a fo paske inondasyon sa yo kapab rive plizyè fwa nan yon peryòd 100 ane. Nan plèn inondab risk anyèl 1% an, gen yon risk 26% pou gen inondasyon pandan yon ipotèk ki dire 30 ane.


**Pou zafè asirans pou inondasyon, gade nan Kat Tarifikasyon Asirans Pou Inondasyon (Flood Insurance Rate Maps, PFIRM) FEMA ane 2007 la.** Tout pwopriyetè bilding ki nan plèn inondab risk anyèl 1% an epi ki gen yon ipotèk ak asirans federal oblige achte asirans pou inondasyon selon lalwa.

### Apeprè ki moun ak ki sa plèn inondab risk anyèl 1% an afekte?\*

Rezidan	400,000
Travay	291,000
Bilding	72,000
Bilding Pou 1 a 4 Fanmi	53,000
Bilding pou Plizyè Fanmi	5,000
Inite Rezidansyèl	183,000
Sipèfisi Planche (Pye Kare)	542M

Kantite Rezidan New York k ap viv nan plèn inondab vil la plis pase tout popilasyon Cleveland, Ohio, Tampa, Florida, oswa St. Louis, Misouri.

\* Chif sa yo baze sou PFIRM FEMA 2015 la. Nan mwa oktòb 2015, FEMA te anonsé vil la te genyen kontestasyon li konsènan PFIRM yo epi li te dakò pou revize kat inondasyon Vil New York la. Pou kounye a, nou itilize PFIRM 2015 yo sèlman pou kòd konstriksyon, zonaj, ak planifikasyon, epi nou kontinye itilize FIRM 2007 yo pou asirans inondasyon. Pou plis enfòmasyon konsènan kontestasyon an, ale sou sitwèb [www.nyc.gov/floodmaps](http://www.nyc.gov/floodmaps).



Plèn inondab ak risk anyèl 1% an divize an twa (3) zòn —Zòn V, Zòn A Kotyè, ak Zòn A—epi yo chak gen diferan nivo risk pou gen inondasyon. Zòn V ak Zòn A Kotyè yo ekspose ak vag, pandan rès zòn A ekspose ak inondasyon, men pa dega vag. Kat la montre tou plèn inondab ak risk anyèl 0.2% an, ki make kòm Zòn Nwasi X la, epi ki gen yon pi piti risk inondasyon pase Zòn A.


# Risk Pou Gen Inondasyon Pidevan

Avèk chanjman klimatik la, vin gen plis risk pou gen mare tanpèt kote, gwo lapli, epi mare yo ap monte pi wo.

- Nivo lanmè nan Vil New York te deja monte yon pye nan 100 ane ki sot pase yo.
- Selon Panèl Vil New York sou Chanjman Klimatik la, nivo lanmè yo ta sipoze monte ant 8 a 30 pouz avan ane 2050 yo, epi jiska 15 a 75 pouz avan fen syèk la.
- Lè nivo lanmè a monte, sa kapab lakòz inondasyon mare pi souvan, menm chak jou, sitou nan katye ki nan plèn yo. Kalite inondasyon sa a lakòz mwens dega pase gwo tanpèt yo, men li kapab deranje moun epi gen pi gwo enpak alontèm sou sekirite piblik ak sèvis Minispalite yo.

**Nivo lanmè ki pi monte wo siyifi yon risk anyèl 1% pou inondasyon kouvri plis espas epi afekte plis moun pi devan.**

- Avan ane 2050 yo, kantite moun k ap viv nan plèn inondab ki gen risk anyèl 1% yo kapab plis pase double.
- Chans chak ane pou gen gwo tanpèt yo pral ogmante tou. Sa ki yon risk anyèl 1% pou gen tanpèt jodiya pral gen yon risk anyèl prèske 3% pou rive nan ane 2050 yo.



PFIRM 2015 plèn inondab ak risk anyèl 1%

Plèn inondab ak risk anyèl 1% nan avni ki pwojte pou ane 2050 yo

Sous Done yo: Enpak plèn inondab kounye a selon PFIRM FEMA 2015 NYC MapPLUTO vèsyon 13. Done ak enfòmasyon sou risk pou inondasyon alavni nan Panèl Vil New York sou Chanjman Klimatik (2015); analiz enpak zòn inondasyon pi devan selon pwojeksyon 90èm pèsantil pou SLR ak MapPLUTO vèsyon 13.

## Tèm Ou Bezwen Konnen

**Plèn inondab ak Risk Anyèl 1%:** zòn ki gen risk 1% pou gen inondasyon pandan yon ane kèlkonk, selon sa Kat Tarifikasyon Asirans Pou Inondasyon FEMA a.

**Altitud Inondasyon Debaz (Base Flood Elevation, BFE):** altitud ki kalkile an pye yo prevwa dlo inondasyon an pral monte pandan tanpèt risk anyèl 1% an ki nan Kat Tarifikasyon Asirans Pou Inondasyon FEMA a.

**Tanpèt Kotyè:** sa gen ladan gwo van ki soti nan zòn nòdès la, tanpèt twopikal, ak siklòn.

**Katye nan plèn:** katye ki gen yon altitud ba parapò ak nivo lanmè a epi ki espesyalman gen plis risk pou inonde.

Depatman Planifikasyon Ibèn nan (City Planning) ap travay ak plizyè kominate nan atravè plèn inondab lan pou idantifye estrateji pou dekoupe teritwa ak itilize tè yon fason pou redwi risk pou gen inondasyon epi kore fòs ak kouray vil lan avèk planifikasyon ki adapte pou dire lontan. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite sitwèb [www.nyc.gov/resilientneighborhoods](http://www.nyc.gov/resilientneighborhoods).

## Enfòmasyon Sou Depatman Planifikasyon Ibèn Nan

Depatman Planifikasyon Ibèn nan (Department of City Planning, DCP) planife kwasans ak developman estratejik pou Vil la kote li planife sou teren an ak kominate a, developman regleman sou fason pou itilize teren ak regilasyon konsènan zonaj, ak kontribisyon li nan preparasyon Estrateji Kapital 10 an Vil la. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb sa a: [nyc.gov/data-insights](http://nyc.gov/data-insights)